# NEMIS TILIN ÚYRENIWDE ZAMANAGÓY SANLI TEXNOLOGIYALARDIŃ ÁHMIYETI

*G.B.Esbergenova – úlken oqitiwshi*
*P.Abatova - Nemis tili hám ádebiyati qánigeligi 1-kurs talabasi*
*Ájiniyaz atindaği Nókis mámleketlik pedagogikaliq instituti*

Búgingi kúnde shet tillerdi úyreniw global kólemde áhmiyetli máselege aylanǵan. Ásirese, nemis tili xalıqaralıq ilim, texnologiya, biznes hám mádeniyat tarawlarında úlken áhmiyetke iye. Nemis tili dúnyadağı eń kóp qollanılatuǵın tillerden biri bolip, Evropa Awqamında en keń tarqalgan ana tili esaplanadı. Germaniya, Avstriya, Shveycariya hám basqa da mámleketlerde rásmiy til sıpatında qabıl etilgen. Bul tildi úyreniw kóplegen insanlar ushın jańa imkaniyatlar esigin ashadı.

Dástúriy bilim beriw usılları menen bir qatarda, sanlı texnologiyalardıń rawajlanıwı nemis tilin úyreniw procesine túpkilikli ózgerisler alıp keldi. Sanlı bilimlendiriw quralları bilimlendiriw procesin jáne de interaktiv, beyimlesiwsheń hám qızıqlı etedi. Mobil qosımshalar, online kurslar járdeminde islep shıǵılǵan til úyretiw bağdarlamaları oqıwshılarǵa jańa bilimlerdi erkin ózlestiriw imkaniyatın jaratpaqta.

Zamanagóy sanlı texnologiyalar bilimlendiriw procesiniń ajıralmas bólegine aylanıp barmaqta. Ásirese, shet tillerdi úyreniwde sanlı texnologiyalar bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, oqıw procesin jedellestiriw hám onı jáne de nátiyjeli etiw imkaniyatın bermekte. Nemis tilin úyreniw procesinde de mobil qosımshalar, onlayn kurslar, virtual haqıyqatlıq (VR), audiovizual materiallar hám interaktiv oqıw bağdarlamalarınan keńnen paydalanılmaqta. [2:13]

***Sanlı texnologiyalar bilim beriw procesine tómendegi tiykargı ózgerislerdi alıp keldi:***

• Oqıw procesiniń beyimlesiwsheńligi - Oqıwshılar ózlerine qolaylı waqıtta, qálegen jerde til úyreniwi múmkin.

• Tez baylanıs hám til ortalıǵına súńgiw - Internet arqalı nemis tilinde sóylewshiler menen tikkeley sóylesiw imkaniyatı bar.

• Multimedia quralları menen úyreniw - Video, audio, infografika hám interaktiv shınıǵıwlar til úyreniw procesin jáne de nátiyjeli etedi.

***Online bilimlendiriw platformaları:***

Online bilimlendiriw platformaları nemis tilin úyreniwdi qálewshiler ushın eń qolaylı qurallardan biri bolıp esaplanadı. Tómendegi platformalar eń ǵalaba hám nátiyjeli esaplanadı:

• Deutsche Welle (DW) Learn German - Nemis tilin úyreniwshiler ushın biypul materiallar, video sabaqlar hám interaktiv shınıǵıwlardı óz ishine aladı.

• BBC Languages - German - Nemis tilin óz betinshe úyreniwdi qálewshiler ushın paydalı resurs.

Bul platformalar járdeminde oqıwshılar grammatikanı úyreniwi, sóylew shınıǵıwların orınlawı, jazba tapsırmalardı orınlawı hám til biliw dárejesin óz betinshe tekseriwi múmkin.

***Mobil qosimshalar tásiri:***

Mobil qosımshalar zamanagóy bilimlendiriwdiń áhmiyetli bólegi bolıp, til úyreniw procesin biraz ápiwayılastıradı. Nemis tilin úyreniwde tómendegi mobil qosimshalar keń qollanıladı:

• Babbel - Nemis tilindegi real baylanıs ushın paydalı sózler hám gáplerdi úyreniwge imkan beredi.

• Tandem hám HelloTalk - Bul qosımshalar arqalı oqıwshılar nemis tilinde sóylesiwshier menen jazıspalar alıp barıwı yamasa dawıslı sáwbetler qurıwı múmkin.

• Anki - nemis tilindegi jańa sóz hám ibaralardı vizual hám audio járdeminde úyreniw ushın sáykeslengen qosımsha.

***Multimedia qurallarınıń áhmiyeti.***

Nemis tilin úyreniwde túrli multimedia qurallarınan paydalanıw processti nátiyjeli hám qızıqlı etedi. Máselen:

• YouTube kanalları - "Learn German with Anja," "Deutsch mit Marija" sıyaqlı kanallar biypul videosabaqlar usınadı.

Podkastlar - "Slow German" yamasa "Coffee Break German" sıyaqlı podkastlar esitiw kónlikpesin rawajlandırıw ushın ideal qurallar esaplanadı.

• Audiokitaplar hám subtitrli filmler - Nemis tilindegi audiokitaplardı tıńlaw yamasa subtitrli filmler kóriw til biliw dárejesin jaqsılawǵa járdem beredi.

Bul qurallar arqalı oqıwshılar tábiyǵıy nemis tilindegi sóylewge úyreniwi, jańa sózlik baylıǵın arttırıwı hám haqıyqıy sóylesiw ortalıǵına túsiwi múmkin. [1:22]

***Nemis tilin sanli texnologiyalarǵa baylanisli oyınlar arqali uyreniw:***

• Duolingo - Oyın formasında tayarlanǵan sabaqlar hám tapsırmalar arqalı til úyreniwge járdem beredi.

• Quizlet hám Kahoot - Sóz baylıǵın bekkemlew ushın qızıqlı viktorinalar hám testler jaratıw imkaniyatın beredi.

• Scrabble hám Wordament - Nemis sózlerin dúziw arqalı sózlik baylıǵın arttırıwǵa járdem beredi.

• The Sims hám Minecraft sıyaqlı simulyaciyalıq oyınlar - Oyın ishinde nemis tilinde sóylesiw hám buyrıqlardı túsiniw arqalı tildi úyreniw múmkin. [1:13]

Bul metod arqalı oqıwshılar tek ǵana úyreniw procesinen zawıqlanıp qoymastan, al tildi real turmıslıq jaǵdaylarda qollanıwǵa tayar boladı. Oyın elementleri oqıwshılardı til úyreniwge jáne de kóbirek tartadı hám olardıń bilimlerin nátiyjeli bekkemlewge járdem beredi.

Nemis tilin úyreniw procesinde sanlı texnologiyalar júdá áhmiyetli rol oynaydı. Dástúriy bilimlendiriw usıllarına salıstırǵanda, sanlı qurallar bilimlendiriw procesin jáne de qolaylı, beyimlesiwsheń hám nátiyjeli etiw imkaniyatın beredi. Mobil qosımshalar, platformalar, onlayn kurslar, audiovizual materiallar sıyaqlı texnologiyalar oqıwshılarǵa individual qatnas tiykarında til úyreniw imkaniyatın bermekte. [2:14]

Nemis tilin úyreniwde sanlı texnologiyalardı duris tańlaw hám olardan aqılǵa uǵras paydalanıw arqalı qısqa waqıt ishinde jaqsi nátiyjelerge erisiw múmkin. Dástúriy hám innovaciyalıq usıllardı úylestirip, til úyreniw procesin jáne de nátiyjeli hám qızıqlı etiw múmkin. Keleshekte texnologiyalıq jetiskenlikler bul tarawdı jáne de rawajlandırıwı hám oqıwshılarǵa jáne de aldıńǵı qurallardı usınıwı kútilmekte.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Eshmuhamedov R.J. «Innovatsion texnologiya yordamida ta'lim samaradorligini oshirish yo 'llari» Toshkent 2004

2. Qo‘chqarov, U. Raqamli ta’lim texnologiyalaridan samarali foydalanish. Innovatsion rivojlanish vazirligi nashriyoti. Toshkent 2021